# АЛТЫН ОРДА ХАНЫ БЕРКЕ ХАН ҲӘМ ОНЫҢ ИСЛАМДЫ ҚАБЫЛ ҚЫЛЫЎЫ

*Өзбекстан Республикасы илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты Өзбекстан тарийхы бөлими 1-басқыш таяныш доктаранты*

***Низаматдинов Есенгелди Камалатдин-улы***

Тарийхтан бизге белгили, 1285-жылда манголлар Аббасийлер халифалығының пайтахты Бағдадты ийеледи ҳәм ислам дүньясына үлкен зиян жеткизеди. Бирақ, кейиншелли мангол ханлары избе-из исламды қабыллай баслайды. Мине усындай ислам динин қабыл қылған ең биринши мангол ханы бул Алтын Орда тахтын ийелеген Берке хан болады. Берке хан исламды қабыл қылыў менен бирге оның раўажланыўы ушын, мусылманлардың тынышлығы ушын басқа мангол ханлары менен саўаш қылғаны да итибарға ылайық. Келиң, Берке хан ҳаққында жақыннан танысайық…

Берке хан (1209-1266) манголлар салтанатының тийкаршысы Шыңғыс ханның ақлығы, яғный Шыңғыс ханның тунғыш баласы Жушиниң үшинши перзенти болып табылады.

Шыңғыс хан басып алған жерлерин төрт улусқа ажыратып, перзентлерине бөлип береди. Батыс улус Жуши ханның екинши баласы Бату хан (1208-1255) ға бериледи. Бул жерлер тарийхтан бизге «Алтын Орда» аты менен белгили. Берке хан әжағасының өлиминен соң Алтын Орда тақтын ийелейди ҳәм улусты ғәрезсиз мәмлекет тийкарында басқарады. Оның гүллеп-жаснаўы ушын гүреседи.

**Берке** ханның ислам динин қабыл қылыўы оның әкеси себепли десек те болады. Себеби, Жуши хан баласы Берке ханның мусылман болыўын ол туўылған ўақыттан баслап қәлеген. Соның ушын да Берке хан туўылған ўақытта оны мусылман ҳаял тәрбиясына бериўди буйырған. Орта әсир

тарийхшысы, Иранлы Журжаний, Берке хан жаслығынан Хужандта бир имамнан Қуран оқып үйренгенин ҳәм суфий шайх Сайфуддин Бахарзийден ҳанафийлик мәзҳабын қабыл қылғанын айтады.

Және басқа мағлыўматларда, Берке хан ҳәзирги Қазақстанның батысында жайласқан Сарайшық қаласында Бухарадан киятырған кәрўанға дус келеди. Кәрўан ийелери менен сәўбетлесип, олардың мусылман екенлигин билген Берке хан ислам динине қызығып қалады ҳәм бир қанша мүддет ислам тәлиматларын үйренеди. Соң суфий шайх Сайфуддин Бахарзийден Исламды қабыл қылған.

«Байбарс тарийхы» шығармасының авторы Рукнуддин Байбарс өз китабында Берке хан қалай мусылман болғанын толық баян қылған:

“Берке мәмлекет тақтына отырды. Ол Исламды қабыл қылды, тақўалы болды, дин шырақларын орнатты, мусылман нызам-қағыйдаларын тарқатты... Өз мәмлекетиниң түрли аймақларында мешит ҳәм медреселер қурыўға киристи. Оның ислам динин қабыл қылыўына шайх Нажмуддин Кубраның муридлеринен болған Сайфуддин Бахарзий себепши болды”.

Атақлы шайх Бахарзий тәсиринде көпшилик манголлар ислам динин қабыл қылған. Шайх ҳаққында Берке хан көп унамлы мағлыўматлар еситеди. Сонлықтан өзиниң ҳүрметин шайх Бахарзийге билдириў ушын оған «паизу», яғный мангол ҳүкимдарлары тәрепинен түрли адамларға арнайы ўәкилликлер бериў белгиси сыпатында берилген, жазыў түсирилген металл яки ағаш ыдыс берип жибереди. Бирақ шайх бул нәрсеге басқаша көз-қараста болады. Себеби бул ыдысты алып келген елши, бул ханның саўғасы екенин, ол шайхты бәлелерден сақлаўын айтады. Сонда шайх: «буны ешекке байлап, далаға жибериң. Егер ол ешекти шыбынлардан сақласа, мен оны қабыл қыламан. Егер сақлай алмаса, маған да ҳеш қандай пайда бермейди», дейди. Бул ақыллылық бенен берилген жуўапты еситкен Берке хан: «мен өзим оның алдына бараман!» деп шайх Бахарзийдиң алдына барады. Сол ўақытта шайх Бухарада еди. Берке хан Бухараға келип, шайхтың есиги алдында үш күн күтип турады ҳәм гезеги келгеннен соң шайхтың алдына кирип оның

ҳүрметке ылайық, ҳақгөй инсан екенин көреди. Соң шайхтың тәсиринде ислам динин қабыл қылады.

Берке хан ислам динин қабыл қылғаннан соң басқа мангол ханлары менен мусылманларды қорғаў ушын саўаш алып барғаны да тарийхтан белгили. Атап айтқанда **Хулаку** 1258-жылдың январь айында Бағдад қаласын ийелейди ҳәм мусылманлар халифасын өлтирип, қаланы ўайран қылады, хал3ының көпшилик бөлегин қылыштан өткизеди.

Берке хан бул хабарды еситип, ашыўланады ҳәм мусылманлар ушын қасас алыўға ўәде етип төмендегише ант ишеди:

«Ҳулаку мусылманлардың бәрше қалаларын ўайран 3ылды. Мен Аллаҳтың жәрдеми менен мусылманлардың бийгүна төгилген қаны ушын оған жуўап бердиремен».

Берке хан ўәдесин орынлайды да. Өйткени Ҳулаку Берке ханның киятырғанын еситип, Иранға шегинеди. Сол ўақытта манголлар ҳүжими үлкен қарсылыққа ушырай баслаған еди. Мысырда ҳүкимранлық қылып турған Мамлуклар (1250-1517) манголларды тоқтата алды. Мамлук султаны Сайфуддин Қутуз өзиниң ең исенген ләшкербасшыларынан бири болған Байбарсты Палестинге жибереди. Мамлуклар мангол басқынына шек қойып, үлкен аймақты манголлар зулымынан азат етеди. Мағлыўматларға қарағанда, Ҳулакуға қарсы гүрес ушын мамлуклер султаны Сайфуддин Қутуз ҳәм Берке хан бирлескен. Қысқа ўақыт ишинде мамлуклер Палестин ҳәм Сурияны да манголлардан қайтарып алды.

**Берке хан соңғы демине шекем мусылманларды зулымнан қутқарыў ушын ҳәрекет етти 1**265-жылдың июль айында Ноғай басшылығындағы ләшкерге қарсы гүреске атланған Берке хан жолда ҳәстелик себеп қайтыс болды.

Парыс дереклерине көре, Берке ханның мейити Сарай Батуға алып кетилген ҳәм сол жерде Ислам дәстүрерине муўапықк жерленген. Оның қәбри Лапас орнында, Ақтубаның шеп қырғағында, Сарайдан қырық километр арқада жайласқан.

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими:**

1. Әширбек аға Мөминов «Орта Азия тарийхында Ҳанафий мәзҳабы» Алма ата қаласы, «Қазақ энциклопедиясы», 2015-жыл.

2. Ибн Қутлу Буға «Тәжут тарожим», Бейрут, «Дәрул қолам», 1992-жыл

3. Муҳаммад ибн Аҳмад июн Усман аз Заҳабий «Тарийхул ислам», Бейрут, «Мәктабатут тауфиқийя», 1993-жыл

4. Исмаил ибн Муҳаммад ал Бағдадий, «Ҳидаятул арифийн», «Дару иҳяут турос», Байрут, 2017-ж.